

---

**Rezime PFEP TIT I**  
**LEKÒL ELEMANTÈ ROOSEVELT 0341**

---

# Deklarasyon Misyon

Kreye yon deklarasyon ki kominike vizyon pou angajman paran ak fanmi, yon fason ki motive yo.

Deklarasyon misyon an ta dwe:

- reflekte kwayans oswa valè lekòl la genyen konsènan enpòtans angajman fanmi;
- eksplike objektif Plan Angajman Paran ak Fanmi lekòl la;
- li dwe ekri nan yon langaj ki fasil pou paran konprann, epi
- enspire moun ki enterese pou yo patisipe epi ki sipòte pwogram nan.

## 1. Deklarasyon Misyon

Misyon Angajman Fanmi ak Paran Lekòl Elemantè Roosevelt se pou enplike fanmi yo nan pataj desizyon yo pran ansanm nan ankouraje fanmi yo pou vin patisipan aktif nan pwosesis edikasyon pitit yo nan kominike efektivman objektif pedagogik, kreye yon anviwònman akeyan ki vivifyan, ekipe paran yo ak zouti ki nesèsè pou ede pitit yo avèk aktivite lakay ak nan lekòl, epi konekte fanmi yo ak ajans nan kominote a pou jwenn sipò lè sa nesèsè.

## Reyinyon Anyèl Paran

Yo envite epi ankouraje tout paran ak fanmi yo pou vini nan Reyinyon Anyèl Tit 1 an nan yon moman ki bon pou yo, pou aprann sou pwogram Tit 1 lekòl la, kondisyon ak dwa paran Tit 1 yo.

Dekri etap lekòl pral suiv pou l jere yon Reyinyon Anyèl ki efikas. Reyinyon an ta dwe enfòmè paran yo sou:

- Kisa sa vle di yon Lekòl Tit 1?
- Plan Tit I pou Tout Lekòl la;
- Plan Angajman Paran ak Fanmi, ki enkli Kontra Lekòl-Paran;
- Pwogram espesyal tankou Edikasyon Migran ak McKinney-Vento;
- Dwa Paran dwe Konnen; epi
- Lòt opòtinite pou paran yo.

## 1. Ki dat egzat, lè, ak lokal Reyinyon Anyèl la?

Reyinyon Anyèl Paran Tit I an ap fèt Mèkredi 13 septanm 2023, a 5 30 PM Reyinyon an pral fèt fas-a-fas nan sant medya.

## Seminè Fòmasyon pou Paran

Dekri seminè fòmasyon nou pral ofri paran ak fanmi, ki pral ba yo kapasite pou sipòte aprantisaj lakay yo pou amelyore rannman akademik elèv la. Seminè fòmasyon yo dwe konsantre sou teknik paran ak fanmi kapab itilize pou pwolonje aprantisaj lakay yo, sipòte elèv nan satisfè estanda egzijans leta yo epi suiv pwòp pwogrè akademik yo.

- Non Seminè Fòmasyon an

Reyinyon Jeneral Sware Kourikoulòm)

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemante ak pitit yo lakay?

Pou sipòte aprantisaj elèv yo lakay, paran yo pral aprann kourikoulòm lan, B.E.S.T. estanda, ak nivo konpetans elèv yo dwe satisfè nan fen ane a. Fanmi pral aprann tou diferan fòm evalyasyon akademik ki itilize pou mezire pwogrè ak randman elèv yo nan nivo akademik estanda Eta a. Anplis, fanmi yo pral aprann tou sou fason pou kominike avèk pwofesè pitit yo ak lekòl la, règleman sou devwa yo, ak fason fanmi yo kapab sipòte elèv la lakay yo.

- Dat Seminè Fòmasyon an

Septanm 2023

- Non Seminè Fòmasyon an

Sware Otòn pou Amizman Fanmi

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemante ak pitit yo lakay?

Sware Otòn pou Amizman Fanmi se yon evènman ki konbine lespri fèstivite otòn ak aktivite edikatif, ki bay yon opòtinite pou fanmi yo angaje yo nan eksperyans aprantisaj entèaktif ansanm. Pratik entèaksyon konpozan evènman sa a konsantre pou enkòpore jwèt edikatif, defi, ak aktivite ki ankouraje kwasans akademik epi ranfòse konsèp enpòtan yo. Anplis sa, fanmi yo pral aprann kijan pou sipòte aprantisaj elèv yo lakay yo lè y ap sèvi avèk estrateji pratik ak jwèt.

- Dat seminè fòmasyon an

2023 oktòb

- Non Seminè Fòmasyon an

Konprann Kanè ki baze sou Estanda yo ak nouvo Sware Kanè BEST Estanda)

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemante ak pitit yo lakay?

Paran yo pral gen yon pi bon konpreyansyon sou nouvo nòm Eta a ak atant yo pou aprann ansanm ak fason pou li ak konprann kanè Rejyon Palm Beach la ki baze sou estanda. Avèk konesans sa a, paran yo pral kapab sipòte bezwen elèv yo lakay yo.

- Dat Seminè Fòmasyon an

novanm 2023

## Kominikasyon

Aprè refleksyon sou reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo, evalyasyon seminè fòmasyon ak analiz aktivite yo, dekri pwosesis lekòl nou an pral itilize pou ofri mizajou ki resan epi fasil pou paran ak fanmi yo konprann pwogram Tit 1 an, kourikoulòm, evalyasyon ak enfòmasyon sou pwogrè/nivo konpetans elèv.

- Deskripsyon

Lekòl Elemantè Roosevelt bay fanmi yo enfòmasyon alè sou pwogram Tit I yo, reyinyon yo, ak lòt aktivite lè yo itilize feyè, nan tout lang, yo pataje sou imel epi voye yon kopi lakay elèv yo. Lekòl la sèvi avèk sit entènèt li a ak lyen pou paran tou pou bay paran yo enfòmasyon.

- Deskripsyon

Lekòl Elemantè Roosevelt pral bay paran yo enfòmasyon sou kourikoulòm ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn atravè Sware Kourikoulòm, Konferans Paran Pwofesè, Reyinyon IEP, Rapò sou Pwogrè, ak Kanè.

- Deskripsyon

Lekòl Elemantè Roosevelt pral bay paran yo enfòmasyon sou kourikoulòm ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn atravè Sware Kourikoulòm, Reyinyon Paran Pwofesè, Reyinyon IEP, Rapò sou Pwogrè, ak Kanè.

- Deskripsyon

Lekòl Elemantè Roosevelt pral bay fanmi yo enfòmasyon sou opòtinite pou yo patisipe nan pran desizyon ki gen rapò avèk edikasyon pitit yo atravè feyè tradwi, apèl, Reyinyon SAC, ak pandan Fòmasyon Paran yo. Anplis, y ap voye nòt lakay yo, nan tout lang, pou envite paran yo nan reyinyon IEP ak LEP.

- Deskripsyon

Yo pral ofri fòmasyon yo nan plizyè lè - maten, anvan 5 00 pm ak apre 6 00 pm. Sipò estaf ak/oswa CLF yo ap disponib pou gadri, tradiksyon (nan lang apwopriye), ak asistans pandan fòmasyon paran yo.

## Aksesibilite

Li enpòtan pou elimine baryè/obstak ki anpeche patisipasyon fanmi nan aktivite yo. Aprè nou fin konsidere enfòmasyon nou kolekte nan reyinyon sou opinyon paran, eksplike kòman nou pral asire paran ak fanmi yo ki nan kategori espesyal anba la a pral kapab patisipe totalman nan reyinyon, seminè fòmasyon, aktivite ak evènman nan lekòl la. Dekri akomodasyon lekòl la pral ofri chak sou gwoup paran ki nan lis anba la a.

- Deskripsyon

Pou bay paran ki gen Anglè Limite yo akomodasyon, lekòl la ap voye feyè/envitasyon lakay yo nan lang matènèl Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo, Entèprèt kominotè k ap travay nan lekòl yo (CLF) pral rele paran yo pou envite yo nan aktivite lekòl yo epi patisipe nan reyinyon ak konferans si gen bezwen. CLF yo ap disponib tou pandan enskripsyon, reyinyon SAC, konferans paran, elatriye pou tradui nan lang prensipal paran yo.

- Deskripsyon

Pou bay paran ak fanmi ki gen andikap yo akomodasyon nan bilding lekòl la ki aksesib anba règleman ADA. Yo pral ofri antre pou chèz woulant ak kote pou chita sou demann. Lekòl la pral sèvi ak ekipman pou amelyore odyo sou demann pou sipòte fanmi ki gen pwoblèm pou tande. Si sa nesèsè, lekòl la ap kontakte biwo distri a pou sipò.

- Deskripsyon

Administrasyon, Konseye Pedagogik, Pwofesyonèl Sante sou Konpòtman BHP , ak Lyezon sou Patisipasyon Fanmi an pral rankontre avèk fanmi yo pou asire yo santi yo byenveni epi fè yo konnen nou la pou ede yo, jan sa posib. Lekòl la pral kowòdone avèk Depatman Migran an si sa nesèsè pou bay Fanmi Travayè Migran yo plis sipò adisyonèl. Depatman Migran bay atik tankou inifòm, transpòtasyon, leson patikilye, founiti lekòl, elatriye pou elèv/fanmi ki nan bezwen. Lekòl la pral vizite lakay paran yo si sa nesèsè pou pataje enfòmasyon epi konekte fanmi yo avèk pwogram nan distri a.

- Deskripsyon

Lekòl Elemantè Roosevelt pral fè akomodasyon pou fanmi sanzabri yo nan rankont avèk fanmi yo epi fè sèten yo santi yo byen akeyi epi bay yo asistans ak sipò nan nenpòt fason nou kapab. Lekòl la pral bay fanmi ki sanzabri akomodasyon lè li ede paran yo ranpli Kesyonè pou Rezidans Elèv la. Lekòl la ap bay elèv yo inifòm ak founiti klasik. Lekòl la pral ede fanmi yo epi konekte yo pou sipò ak transpò si sa nesèsè. Pèsonèl lekòl nou an ap ede fanmi yo konekte avèk pwogram McKinney-Vento si sa nesèsè.